



NEWS RELEASE

Nòt pou Laprès

Kontakte : Marie Rosy Kesner AUGUSTE DUCENA
Telefòn : (509)2940-1222 / 3755-9591 / 3463-4192
Pòtab : (509) 3782-2897

***Disparisyon fòse ak egzekisyon somè: RNDDH mande enspeksyon jeneral
Lapolis la fè yon ankèt prese prese***

1. Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun (RNDDH) sezi aprann gen kèk polisye ki touye yon jounalis nan lakou komisarya Dèlma 33 epi blese plizyè lòt moun ak bal, nan dat 30 oktòb 2022 a. Zak sila rive nan moman plizyè jounalis te ale nan komisarya Dèlma 33 pou pwoteste kont arestasyon yon jounalis ki t ap kouvri yon manifestasyon nan zòn Dèlma 47.
2. Dapre enfòmasyon ki rive jwenn RNDDH, nan jou ki te 29 oktòb 2022 a, nan lè 5è nan aprèmidi, kèk ajan Swat Team debake nan 2 machin nan zòn Dèlma 47 epi arete 5 moun ki te sou plas. Moun sa yo se : Ezéchiel Paul ; Enock Merizier ; James Mondésir ; Andy Morisseau ak Dieupuissant Orestil.
3. Ezéchiel Paul, Enock Merizier ak James Mondésir se manm Brigad Aksyon Sosyal Edikativ 47 (BASE 47). Se yo menm ki te lanse mouvman pwotestasyon *Bwa Kale* a. Andy Paul ak Dieupuissant Orestil se 2 mekanisyan ki abitye travay nan zòn nan.
4. Nan menm jou yo arete yo a, kèk manm nan BASE 47 te ale nan komisarya ki pi pre yo, nan DCPJ ak nan prizon sivil Pòtoprens. Malerezman, yo pa t rive jwenn 5 moun sa yo ankenn kote. Konsa, nan dat ki te 30 oktòb 2022 a, BASE 47 te fè yon mouvman pou denonse disparisyon kanmarad yo. Yo t'ap boule kawotchou epi yo t ap mande pou 5 moun yo tounen lakay yo. Nan menm moman, yon machin UDMO ki gen koulè wouj ki gen nimewo 1-01177 te rive nan zòn nan epi kòmanse bt moun ak voye gaz lakrimojèn.
5. Anpil jounalis te gentan la pou kouvri mouvman sila. Robeste Dimanche, yon jounalis Radyo tele Zenith ki te wè jan polisye yo ap bat manifestan yo te avanse pou chache gen plis enfòmasyon. Touswit, polisye yo tonbe bat li epi arete l malgre li di yo li se yon jounalis.

6. RNDDH te rive pale ak Robeste Dimanche ki fè konnen polisye yo te rive yon moman yo te kanpe ap diskite pou yo konn sa pou yo fè avèl. Alafen, yo te deside desann avèk li nan komisarya Dèlma 33, fè pwosè vèbal epi mete li nan gadavi.

7. Lè lòt jounalis yo aprann sak pase a, yo ale nan komisarya pou sipòte konfrè yo a. Se konsa 2 bakòp UDMO vini epi kòmanse tire sou jounalis yo. Romelson Vilsaint mouri ak yon bal nan tèt ; pou pi piti 5 lòt jounalis ak yon responsab *BASE 47* te pran anpil kou oubyen blese ak bal. Moun sa yo se :

- Ronald Petit-frère, jounalis medya anliy tele 509, li te pran anpil kout bòt ;
- Robens Le Cayen, jounalis medya anliy Le Cayen Info, resevwa yon bal nan flan goch li ;
- Iphanes Monuma, jounalis medya anliy *Iphactualité*, te resevwa anpil kout zam nan tèt ;
- Dieudonné ST-Cyr, jounalis Radyo *Kingdom F.M* ak medya anliy *L'Ethique*, resevwa anpil kout bòt ak kout fizi ;
- Jean-Marc Jean, jounalis medya anliy *JJM Info*, resevwa plizyè kout fizi nan tèt ;
- Pierre Paul Jean Yvon Exalus, youn nan responsab *BASE 47*, pran yon bal nan kwis dwat.

8. Nan lannwit 30 oktòb 2022, Robeste Dimanche te jwenn liberasyon li. Nan 31 oktòb, yo rive jwenn kadav 5 moun ki te disparèt yo nan zòn Taba 43.

9. RNDDH remake depi kèk tan jounalis yo tounen sib sitou nan peryòd kote ensekirite a ap taye banda. Nan sans sa, RNDDH ap raple gen pou pi piti 19 jounalis ki viktim soti janvyè 2022 pou rive jounen jodia.

- 6 janvyè 2022, John Wesley Amady, jounalis *Ecoute F.M* ak Wilguens Louissaint, jounalis *safe news Haiti* mouri asasinen nan Laboul 12;
- 23 fevriye 2022, Maxiben Lazarre, jounalis medya anliy *Le Roi des Infos* mouri ak yon bal epi 3 lòt jounalis blese. Non yo se : Sony Laurore, jounalis *Laurore TV*, Yves Moise k ap travay pou *RCH 2000* ak Alvarèz Estimé jounalis *Lakay TV* ;
- 7 septanm 2022, Youly Destiné, Robeste Dimanche ak Yvenson Joinvil se 3 jounalis kap travay pou radyo tele zenith ki te blese ak bal kawotchou pandan yo t ap kouvri yon manifestasyon nan la ri Pòtoprens.
- 7 septann 2022 nan vil Okap, Luly MENARD ki se yon jounalis kiltirèl epi korespondan radyo vizyon 2000 te blese ak bal devan lakay li pandan li t ap gade manifestasyon ;
- 11 septanm 2022, Katèl, chèf gang Iscard Andrice mete nan zòn kafou lanmò, dèyè mi (Site solèy), touye 2 jounalis ki t ap sot fè entèvyou ak pwòch kèk viktim epi pwofite pran kèk foto zòn nan.
- 25 oktòb 2022, nèg ak zam ouvè bal sou machin epi blese Roberson Alphonse ki se jounalis magik 9 ak Le Nouvelliste.

- 25 oktòb 2022, yo jwenn kadav jounalis Tess Gary nan vil Okay kèk jou aprè disparisyon. Li t ap travay pou radyo *Lebon FM*.

10. RNDDH panse konpòtman polisye yo bay gwo kè kase, yo itilize machin prive pou fè patwouy, yo responsab disparisyon anpil moun epi yo maltrete moun k'ap manifeste men lè pou yo fouke bandi, yo toujou absan.

11. RNDDH ap raple dwa lavi, dwa sekirite, libète laprès ak dwa pou moun manifeste se privilèj demokrasi a bay. Anplis, RNDDH remake otorite lapolis la pa bay ankenn enfòmasyon sou 5 moun ki disparèt yo.

12. RNDDH kondane lanmò Ezechiel Paul, Enock Merizier, James Mondesir, Andy Morisseau ak Dieupuissant Orestil ak atak ki te fèt nan lakou komisarya Dèlma 33 ki lakoz yon jounalis mouri ak anpil lòt blese.

13. RNDDH kwè zak sa yo pa dwe rete san pinisyon. Nan sans sa, li mande DCPJ ak enspeksyon jeneral lapolis la pou louvri yon ankèt sou sak pase yo, answit pataje rezilta ankèt la ak otorite lajistis yo pou jije epi kondane tout ajan ki gen men yo tranpe nan zak sa yo.

Pòtoprens, 3 novanm 2022